दिन–सोमवार दिनांक–28 / 02 / 2012

प्रसार भारती
(भारतीय प्रसारण निगम)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:15 बजे से। अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि अछि जे राज्य मे इन्द्रधनुषी क्रांति के साकार करबाक लेल एक अप्रील सॅ कृषि रोड मैप लागू कयल जायत। श्री कुमार आइ विधानसभा मे कृषि रोड मैपक प्रारूप पर दू दिन भेल चर्चाक जवाब दैत जनौलनि जे राज्य सरकार किसान सभक हितक रक्षाक लेल कएक गोट उपाय कयलक अछि। ओ जनौलनि अछि जे कृषि रोड मैपक मुख्य उद्देश्य किसानक आमदनी बढ़ेवाक संग–संग गुणवत्तापूर्ण खाद्य उत्पादन आ पोषण सुरक्षा उपलब्ध करेबाक अछि। समग्र कृषि के एहि तरहें बढ़ावा देल जाय जाहि सॅ प्रत्येक हिन्दुस्तानीक थारी मे कम सॅ कम एकटा बिहारी व्यंजन हुएय। दूध, माछ आ अंडा उत्पादनक लेल महत्वाकांक्षी कार्यक्रम बनाओल गेल अछि। माटिक जांचक लेल स्वास्थ्य कार्डक तर्ज पर माटिक पोषक तत्व पर नजरि रखबाक लेल कार्ड बनाओल जायत। मुख्यमंत्री पशुपालन विश्वविद्यालय खोलल जयबाक सेहो घोषणा कयलनि। ओ जनौलनि जे तीन वर्षक भीतर राज्य मे भूमि सर्वेक्षण आ बंदोवस्तीक काज पूरा कऽ लेल जायत। जैविक खाद कें बढ़ावा देबाक लेल वर्मी कम्पोस्टक खेती मे वेशी सॅ वेशी प्रयोग कयल जायत। भंडारण क्षमताक विस्तारक लेल नव गोदामक निर्माण कयल जायत। किसानक सिंचाईक लेल अलग सॅ बिजलीक व्यवस्था कराओल जायत।

––––––

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार विधानसभा मे आई आश्वासन देलनि जे सरकार महिला शिक्षिकाक पदस्थापना हुनक गृह जिला या हुनक लऽगपास करबा पर विचार करत। प्रतिपक्षक नेता अब्दुलबारी सिद्दीकी, राजद नेता अब्दुल गफूर, सम्राट चौधरी, राघवेन्द्र प्रताप सिंह आ जावेद इकबाल अंसारीक ध्यानाकर्शण पर शिक्षा मंत्री पी.के. भााहीक जबावक दौरान मुख्यमंत्री हस्तक्षेप करैत कहलनि जे सदनक भावना के देखैत जाहि महिला शिक्षिका लोकनिक पदस्थापना गृह जिला सॅ दूर भेल अछि हुनक परेशानी के दूर कऽ देल जायत। मुख्यमंत्री जनौलनि जे सरकारक प्रयासक कारणे उर्दू शिक्षक सभक पदक संख्या बढ़ेबा मे सफलता भेटल अछि।

––––––

उच्चतम न्यायालय केन्द्र सरकार के निर्देश देलक अछि जे नदी के जेड़बाक महत्वकांक्षी परियोजना एक निश्चित सीमा मे लागू कयल जाय। परियोजना लागू करबा मे भऽ रहल देरी सॅ एहि पर बढ़ैत लागति के देखैत न्यायमूर्ति एस.एच. कापड़ियाक अध्यक्षता मे गठित तीन न्यायाधीशक पीठ एक उच्च अधिकार प्राप्त समितिक नियुक्ति कयलक अछि जे एकरा लागू करबाक तौर तरीका तय करत। केन्द्रीय जल विकास एजेन्सीक महानिदेशक ए.बी. पाण्डया जनौलनि जे नदी के आपस मे जोड़ल जयबाक सपना दे ाक नीति निर्माता लोकनिक दूरदर्शी सोच छल। एहि रूपे राजनीतिक आ सामाजिक सोचक संग नदी के आपस मे जोड़बाक परियोजना सभ सॅ राश्ट्र हित मे एहि पानिक सदुपयोग कयल जा सकत।

———

केन्द्र सरकार राश्ट्रीय आतंकवाद निरोधक एन.सी.टी.सी.के पहिल मार्च सॅ निर्धारित भुरूआत एखन स्थगित कऽ देलक अछि। आतंकवाद निरोधक ई संगठन मार्चक दोसर सप्ताह मे होमयवला राज्य पुलिस प्रमुख बैसकक बाद आस्तित्व मे आबि सकत। केन्द्रीय गृहमंत्री पी. चिदम्बरम दस मुख्यमंत्री के एहि सन्दर्भ मे पत्र लिखने छलाह। एकर बाद राश्ट्रीय आतंकवाद निरोधक केन्द्रक निदे ाक आ तीन संयुक्त निदेशकक नियुक्ति कें सेहो स्थगित कऽ देल गेल अछि। गृहमंत्री आश्वसन देने छलाह जे राश्ट्रीय आतंकवाद निरोधक केन्द्रक बारे मे अगिला कदम राज्य पुलिस महानिदेशकक बैसारक बाद होयत।

———

मजदूर संगठनक राश्ट्रव्यापी हड़तालक असरि आई पटना सहित प्रदे ाक सभ जिला मुख्यालय मे देखल गेल। बिहारक श्रम संगठन, केन्द्र आ राज्य सरकारक कर्मचारी सहित असंगठित क्षेत्रक मजदूर, सार्वजनिक उपक्रमक कर्मचारी, बैंकक कर्मचारी आ बिजली कामगार रैली निकालनि आ धरना प्रदर्शन कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि जे बैंक मे ताला लटक रहल। सरकारी बस के छोड़ि के निजी वाहनक परिचालन बंद रहल आ व्यवसायिक प्रतिश्ठान बंद रहल। मजदूर सभक हड़तालक कारणे राजधानी पटनाक यातायात पूर्णरूपेण प्रभावित रहल। ओना केन्द्र सरकार मजदूर संघ सभ सॅ देश हित मे काल्हि सांझ हड़ताल नहि करबाक अपील कयने छल। श्रम आ रोजगार मंत्री मल्लिकार्जून खड़गे कहलनि जे मजदूर संघ द्वारा उठाओल गेल बेसी सॅ बेसी मुद्दा के पहिनहि हल कऽ लेल गेल अछि। ओ आ वासन देलनि अछि जे सरकार मजदूर सभ

सँ जुड़ल मुद्दा पर सदिखन गप  ापक लेल तैयार अछि। आ एकरा सौहार्दपूर्ण तरीका सँ हल कयल जा सकैत अछि।

———–

मुजफ्फरपुर–समस्तीपुर राष्ट्रीय राजमार्ग संख्या अट्ठाईसक मनियारी थानाक हुजुंगी चौक लऽग दु ट्रकक बीच टक्कर मे तीन लोकक घटनेस्थल पर मृत्यु भऽ गेल। ओतहि दोसर दिस, समस्तीपुर जिलाक सातनपुर गाम लऽग पुलिसक पलटि जयबा सँ एक सैफ जवान अनिरूद्ध तिवारीक घटनास्थल पर मृत्यु भऽ गेल जखन कि चारि आन घायल भऽ गेलाह।

———–

जमुई जिला मे इंदिरा आवास योजनाक लक्ष्य भात–प्रति  ात प्राप्त कऽ लेल गेल अछि। उपविकास आयुक्त जनौलनि जे लाभार्थी लोकनिक खाता खोलबा कऽ हुनका पासबुक देल जा चुकल अछि। आ पासबुक मे टाका सेहो जमा कऽ देल गेल अछि। एहि योजनाक अंतर्गत पांच हजार छओ सय चौंतीस मकान बनबाओल जा रहल अछि। दोसर दिस पूर्णिया मे तीन सँ पॉच मार्च धरि भाताब्दी नारी उत्सव दू हजार बारहक अंतर्गत फूड स्टॉल आ कतेको प्रतियोगिता आयोजित कयल गेल अछि। उत्सव मादे जलेबी दौड़, पेंटिंग, मेहंदी, रंगोली आ फैशन परेड सहित अन्य प्रतियोगिता आयोजित कयल जायत।

———–

## एहिं संग संवाद समाप्त भेल।